

# LEPTOSPIROZ



## KISA KI LEPTOSPIROZ LA?

Leptospiroz la se yon maladi ki bay fyèv wo, ki koze pa yon bakteri ki prezan nan pipi rat la e ki ka mennen lanmò.

Moun kab pran maladi sa a nan kontak ak dlo oswa labou nan inondasyon, rivyè, netwaye twou oswa tank dlo (kontamine ak pipi rat).



## Sentom:

Anjeneral sentòm yo parèt 1 a 2 semèn apre kontak, men yo ka parèt jiska 30 jou apre tou. Sentom yo se:

- Lafyèv egi ak tèt fè mal;
- Doulè nan kò a oswa nan misk yo, espesyalman na dèyè jarèt;
- Kè plen, vomisman, fatig ak lajònis (po jon) ka parèt tou.



## Ki sa pou ou fè si w sispèk ou genyen Leptospiroz?

Chèche sèvis sante imedyatman epi rapòte ke ou te gen kontak ak kote ki ka kontamine ak pipi rat.



## Pwoteje tèt ou kont leptospiroz

- Evite kontak ak dlo, inondasyon oswa labou;
- Sèvi ak bòt ak gan. Si ou pa genyen, mete sache plastik doub nan men w ak pye w;
- Jete manje ak medikaman ki tonbe nan dlo oswa labou nan inondasyon, menm si li byen fèmen;
- Netwaye espas ak materyèl ki te an kontak ak dlo.
- Lave planche yo, mi yo ak kontwa yo ak dlo ak savon, dezenfekte yo apre sa ak klowòks, nan yon pwopòsyon de 400 ml pou chak bokit de 20 lit dlo pwòp. Kite l aji pou 30 minit.



Accédez au matériel complet ici!

[www.prefeitura.sp.gov.br/covisa](http://www.prefeitura.sp.gov.br/covisa)



SAUDE  
DIREITOS HUMANOS  
E CIDADANIA

